

Repo pou nanm nou

Pa Èldè Per G. Malm

Nan Swasandis

***Jwenn repo pou nanm nou enkli lapè nan lespri ak nan kè, ki se rezilta aprann ak suiv doktrin Kris la.***

Anba lavil Gothenburg, Lasyèd, gen yon bèl boulva avèk gwo pyebwa sou de bò. Yon jou m te wè yon twou nan youn nan pyebwa yo, konsa kiryezman m te gade anndan l e reyalize ke pyebwa a te gen yon gwo espas. Gwo espas, wi, men li pa t vid. Li te ranpli ak tout kalie fatra.

M te etone pou wè pyebwa a te toujou rete kanpe. Konsa m te leve tèt mwen e wè yon gwo senti an metal ki te antoure pati anlè twon an. Te gen anpil fil metalik ki te tache sou senti a, e yo tout te tache fèm e konekte ak bilding nan zòn lan. A distans li te sanble ak lòt pyebwa yo; se sèlman lè w gade anndan l yon moun te ka detekte ke l te gen yon gwo espas nan plas yon twon solid ak fèm. Anpil ane anvan sa gen yon bagay ki te inisyè pwosesis pou afebli twon an ti kras pa ti kras. Li pa t rive yon sèl kou. Men, tankou yon jèn ti pyebwa grandi ti kras pa ti kras tounen yon gwo pyebwa djanm, konsa nou grandi ti kras pa ti kras devlope kapasite nou pou nou solid epi ranpli soti anndan rive deyò.

Se atravè gerizon ekspyasyon Jezikri a ke nou ka jwenn fòs pou kanpe dwat e fèm e gen nanm nou ranpli---avèk limyè, konpreyansyon, lajwa, ak lanmou. Envitasyon li an se pou “tout moun pou vin jwenn li pou yo kapab goute nan bonte l; e li pa rejte pèsòn ki vin jwenn li” (2 Nefi 26:33) Pwomès li se:

“Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, ma soulaje nou.

”Pran jouk mwen, mete l sou zepòl nou. Pran lesòn nan men mwen. Paske mwen dou, mwen toujou soumèt mwen tout bon devan Bondye. Konsa, na viv ak kè poze” (Matye 11:28--29).

Konsènan kè poze sa a, Joseph F. Smith te di: “Nan lespri m, li vledi antre nan konesans ak lanmou Bondye, avèk lafwa nan bi ak plan li a, rive nan pwèn kote nou konnen nou gen rezon, e nou pa p kouri deyè okenn lòt bagay, nou pa deranje pa chak kouran doktrin, oswa pa riz ak mèt dam moun ki bay manti pou twonpe yo. Nou konnen ke doktrin nan soti nan Bondye, e nou pa poze okenn moun okenn kesyon sou li; yo gen dwa bay opinyon yo, ide yo ak kapris pa yo. Yon nonm ki te atenn nivo lafwa sa a nan Bondye kote tout dout ak krent ekate de li, nonm sa a te antre nan ‘repo Bondye’” (*Teachings of Presidents of the Church: Joseph F. Smith* [1998], 56).

Jwenn repo nan nanm nou enkli lapè nan lespri ak nan kè, ki se rezilta aprann ak suiv doktrin Kris la, e vin tounen men Kris la ki lonje pou sèvi ak ede lòt moun. Lafwa nan Jezikri ak suiv ansèyman li yo ba nou yon esperans fèm, e esperans sa a vin yon attach solid pou nanm nou. Nou ka vin fèm ak inebranlab. Nou ka gen lapè enteryè dirab; nou ka antre nan repo Senyè a. Sèlman si nou ekate kot limyè ak laverite, yon espas vid, tankou pyebwa a, pral ranplase chanm yo andedan nanm nou, e nou ka menm eseye ranpli vid sa a avèk bagay san gran valè.

Lè n konsidere egzistans nou kòm pitit espri anvan nou te vin sou tè a ak imòtalite nan lavi k ap vini an, lavi sou tè sa anfèt se pou yon ti bout tan.

Jodia se yon jou epè, men se yon jou ki pote opòtinite lè nou chwazi suiv envitasyon pou nou pa gaspiye jou epè nou yo (gade 2 Nefi 9:27). Panse ki chita nan lespri nou, santiman ki donnen nan kè nou, ak aksyon nou chwazi pou fè yo tout pral gen yon enpak desizif sou lavi nou, alafwa isit la ak nan sa apre a.

Yon bonjan abitud se pou elaji vizyon nou chak jou yon fason pou n kenbe yon pèspektiv etènèl sou bagay nou planifye ak fè, sitou si nou detekte yon tandans pou tann jiska demen pou fè sa nou konnen nou ta dwe akonpli pandan jounen jodia.

Sou wout nou, nou jwenn èd nan chwa nou yo atravè enfliyans konstan Lespri a. Kounyeya, si nou chwazi aji kontrèman ak limyè e konpreyansyon nou genyen an, konsyans nou pral twouble paske l pa anpè. Men yon konsyans twouble se yon benediksyon paske sa raple nou se moman pou nou repanti. Lè nou enb e dezire fè sa ki byen, nou pa p ka tann pou n aji rapidman pou chanje direksyon, pandan moun ki ògeye yo e k ap chèche “vin tounen yon lalwa pou tèt pa [yo]” (D&A 88:35) pral pèmèt Satan ”mennen yo avèk yon ti kòd fen nan kou yo, jistan li mare yo nèt avèk yon gwo kòd pou tout tan” (2 Nefi 26:22) amwens ke lespri repantans la antre nan kè yo. Suiv enfliyans mal pa p ka janm pwodui yon santiman lapè, senpleman paske lapè se yon kado Bondye e li sèlman vini atravè lespri Bondye. “inikite pa t janm bonè” (Alma 41:10).

Nan aktivite chak jou yo, se souvan ti bagay senp yo ki gen yon enpak dirab (gade Alma 37:6--7). Sa nou di, jan nou aji, ak fason nou chwazi reyaji pral enfliyanse non sèlman noumenm, men tou moun otou de nou. Nou ka konstwi, oswa nou ka detwi. Gen yon egzanp senp ak pozitif nan yon istwa m konnen sou granmè kote papa m. Li te voye youn nan ti pitit li yo achte kèk ze. Timoun li te fè konfyans lan te petèt ak kè kontan ap mache tounen lakay li, men pifò nan ze yo te kraze lè l te rive. Yon zanmi fanmi an te la e li te ankouraje granmè m pou reprimande timoun nan pou move konpòtman li. Men, granmè te di sajman e kalmeman, “Non, sa pa p fè ze yo tounen antye. Nou pral sèlman itilize sa n kapab e fè kèk krèp pou n manje ansanm.”

Lè nou aprann jere ti bagay senp, chak jou yon fason saj ak enspire, rezilta a se yon enfliyans pozitif ki pral solidifye amoni nan nanm nou e konstwi ak fòtifye moun ki otou de nou. Se konsa sa ye paske tout bagay ki envite nou fè byen, “se pouvwa ak don Kris la ki voye l; se poutèt sa [n ap] kapab konnen avèk yon konesans pafè, se nan Bondye li soti” (Mowoni 7:16).

Kounyeya, pyebwa ak espas vid m te pale nou an pa la ankò. Kèk timoun te mete peta nan espas vid la, sa k te lakòz pyebwa a pran dife. Yo pa t ka sove li e yo te oblije koupe l. Fè atansyon ak bagay ki ap detwi nou soti andedan rive deyò yo, kit yo gwo oswa piti! Yo ka gen yon efè eksplizif e lakoz lanmò espiritiyèl.

An nou okontrè fokis sou bagay sa yo ki pral antre ni yon lapè dirab nan lespri ak kè nou. Lèsa “Konfyans nou [pral] ogmante nan prezans Bondye” (D&A 121:45). Pwomès pou antre nan repo Senyè a, pou resevwa kado lapè a, depase totalman satisfaksyon tanporè mond lan: “M'ap ban nou kè poze. M'ap fè kè nou poze nan jan pa mwen. Mwen p'ap fè li pou nou jan sa fèt dapre prensip ki nan lemonn. Pa kite anyen toumante tèt nou, nou pa bezwen pè” (Jan 14:27). Li gen pouvwa pou geri ak fòtifye nanm. Li se Jezikri, e se konsènan li menm mwen temwaye nan non Jezikri, amèn